

Priyorité Boston Medical Center sé sékirite pasyan nou yo, anplwayé yo ak vizitè yo. Pou nou ka balansé bezwen pasyan nou yo, ak asiré ke nou gen yon lopital an sekirite, nou pral limité kantite vizitè yo akòz KOVID-19.

Pasyan Granmoun ki entène ak Inité Swen Entansif

- Pasyan Chir/Med ki gen KOVID-negatif y'ap pèmèt yon vizitè nan yon moman, ant midi a 7è pm. Pasyan ICU yo ka gen de vizitè alafwa san restriksyon nan lè'a.
- Pasyan ki KOVID pozif gen dwa pou a vizitè nan sitiyaasyon fen lavi sèlman. Pou pasyan ki gen KOVID-19 ki nan fen lavi yo, yo pral pèmèt yo gen yon limit de vizitè sèvi ak PPE apwopriye nan jan ekip klinik la mande yo.
- Pasyan granmoun ki nan fen lavi yo gen pèmision pou yon vizitè pase nwit lan avèk li. Chak pasyan ka gen plis pase yon vizitè pandan sejou yo, men pa plis pase yon vizitè pou chak swa. Pasyan ki rete nan chanm doub yo ta dwe fè vizitè kap pase nwit avèk la re-wè ak ekip enfimyè'yo.
- Pasyan ki nan fen lavi gen pèmision pou gen plizyè vizitè. Lè gen plizyè vizitè ki vinn vizite yon pasyan sèlman de vizitè yo pèmèt alafwa. Yo ka pèmèt yon kantite anplis pou yon ti tan nan sikonstans espesyal ak apwobasyon lidèchip enfimyè inite ak ekip klinisyen yo. Orè vizit pou pasyan nan fen lavi yo ka pwolonje selon diskresyon direktè enfimyè pou inite'a.
- Timoun ki ka mete mask yo gen pèmision pa ekip swen inite swen entansif yo pou pasyan ki nan fen lavi yo sèlman.

Pasyan Pedyatri ki entène/ NICU

- Pou pasyan pedyatrik yo, tankou pasyan NICU yo, de paran/responsab legal ka vizit. Nou ka vizite 24 trè sou 24, 7 jou sou 7.

Travay ak Akouchman

- Se yon sèl moun sipò ki otorizé rété pandan akouchman pasyan an ak apré akouchman.
- Timoun ki poko gen 18 an pa gen dwa vizite.

Klinik Ambilatwa

- Yon sèl vizitè pa pèsòn ka vini pandan yon visit klinik anbilatwa.

Depatman Ijans

- Depatman Ijans pou Adilt: Pa gen vizitè yo gen dwa.
- Depatman Ijans pou Timoun: Yon paran/gadyen ka avèk timoun nan.

Sèvis chirijikal

- Nou pa akseptè vizitè pou pasyan ki vin'n fè operasyon, sèlman nan ka ké pasyan an sé on timoun, on prizonyé oswa si li akompanyé de yon éd oswa yon oxilyè pèsònèl.

Tout Vizitè

- Tout vizitè yo dwé gen 18 tan oswa plis pasé sa épi (sof pou sitiyaasyon yo ki dekri pi wo a) tou yo pral fè tès dépiyaj pou yo pou sentòm enféksyon KOVID 19. Vizitè ki malad oswa ki gen nenpòt sentòm (lafyè, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, mis, kò fè mal, oswa nouvo aparasyon ,pèdi gou bouch ak sant) pa ka rann vizit nan nenpòt sikonstans.
- Tout vizitè pral resevwa yon mask chirijikal lè yo rivé é yo obligé meté mask la toutan jiskaské yo kité batiman an, menm jan ak pratiké ijyèn pou men ak kenbé distans sosyal.
- Vizitè yo pral résévwa enstriksyon pou reté nan chanm pasyan pandan diré vizit la.
- Yo pral mande pou pasyan yo mété mask pou tout tan vizitè yo nan chanm yo.